Лъэкъыгъэм и къызэгъэпэщакIуэ нэсым егъэджакIуэхэм яжриIэ зэпытт: «Ди лъэкьыгъэ купщIафIэхэм я мыхьэнэр зыхэзыщIэн хуейр, абыхэм щыгъуазэ щыIэхэр ди университетым, республикэм щыIэ щIэныгъэлIхэм я закъуэхъым, атlэ ахэр ихьэн хуейщ къэралпсо, дунейпсо утыкуэхэм». Мыбдеж къыщыжиIатхэзэ щIэныгъэ зэфIэкIхэм нэхъри хагъэхьуэн, ахэр къэхутэныгъэщIэхэм нэхъри тригъэгушхуэн папщIэ, Жэрыкъуэм Iэмал псори абыхэм къахуэзригъэпэщу зэрыщыгъэр. ЩIэныгъэлI ныбжьыщIэхэр дэIэпыкlуэным, ахэр пlэ быдзкlэ гъэувыным Iуэхур нэхъ щIегъэкIыным, ректорым ищIэрэ-кьым «хьауэ» псалъэр, апхуэдизу ар щIыуз зыужьныгъэм, зыужьщIыныгъэм и телъхьэтэ.

Адыгэлl щыпкъэм хэлъ хьэл-щэнхэм я нэхъыщхьэт цIыхугъэ лъагэр, пэжыгъэр. Ясугдзыжьахэм ягу къызэрагъэкIыжьмкlэ, Борис цIыхум и пщIэр зэи игъэтхьэусыхэрт-кьым, иридуныхьртэкьым, атlэ екIуу, зэпIэзэрыту хущытт, хабзэм, нэмысым кьыхуриджэжу. УнафэщI Iэдэбкр апхуэдэу дапщащи хьэззыртэ хэти дэIэпыкъуэгъу хуэхъуну, чэнджещI щыхьэпэхэр иритыну.

Нэхъ гъунэгъуу зыщIыкlу щытахэм зэрыжаIэжьымкlэ, Жэрыкъуэр нэсауэ хэжупсэу. Абы кууэ зыхищIэрт адыгэхэм я мызакъуэу, ди республикэм щыпсэу адрей лъэпкъхэри зыгъэпIейтей Iуэхуэгъуэкр. Ди лъэхъэм мамырыгъэ илъыным, абы щыпсэу лъэпкъхэм яку зэгурыIуэныгъэрэ зэныбжьэгъугъэрэ дэлъыным мыхьэнэшхуэ иритырт Жэрыкъуэм. Политикэми экономикэми хуабжьу дахьэкIыт Борис, къыщыжиIащIуэ, бгъэдэлъ философие гупсысэ куухэмкlэ куэдым ядэгугъэшэфырт. А унэтIыныгъэхэм ятеухуа и тхыгъэхэр щIэх-щIэхьырэ кьытехуэрт газетхэм, журналхэм. Псори зэхэту абы и кьэлэмыпIэм къыпыкlащ щIэныгъэ лъэныгъэу 200-м щIигъу. Абыхэм яхэтщ монографие щхьэхуэхэри, зэреджэ пособиехэри. Профессор цIэрыIуэм и унафэм щIэту гъэхьэзыра хъыщ, икlи ехьулIэныгъэкlэ пхагъакlащ, кандидат диссертацыу 18-рэ доктор лъжьыгъэу 3-рэ. Абы и тхылъхэмкlэ ноби йоджэ УФ-м мэкъумэш щIэныгъэ щрагъуэт ещхьлIэ зыбжанэм я студентхэр.

ЕджапIэ нэхъыщхьэм щыгъэфIих лъжьыгъэхэм кьадэкIуэу, Жэрыкъуэр жьыджэру хэтащ республикэм, къэралым щекIуэкI жылагъуэ гъащIэм. КъБР-м и Парламентым и депутату, Егъэджэныгъэмкlэ, щIэныгъэмрэ узынщагъэр хъумэнымкlэ абы и комитетым хэту, ар и пашэт «Урысей зэкъуэт» политикэ партым и щIыналъэ кьудамэм абы щиIэ лIыкlуэ гупым. КъБР-м Мэкъумэш хозяйствэмкlэ, Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкlэ и министерствэм я коллегиехэм я лжьыгъэм жьыджэру хэтащ, бгъэдэлъ щIэныгъэ куумрэ зэфIэкI лъагэмрэ Iэнатlэхэр егъэфIекIуэным хуиГъэпсу. УФ-м щIэныгъэхэмкlэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ Жэрыкъуэр мызэ-мытIэу ягъэпэжащ къэралым, КъБР-м я министерствэ зэмылIэужьыгъуэхэм кьаГъэдэжьащ щIыхь, фIыщIэ тхылъхэмкlэ, «Урысейм и мэкъумэш Iэнатlэм и зыужьныныгъэм хуищIа хэлъхьэныгъэм папщIэ» дыщэ медалыр кратащ.

ЗэгурыIуэныгъэр, зыужьныныгъэр, ефIакIуэныгъэр зи гъащIэ мардэу щыта цIыху щыпкъэр и гурыIуэ псоми хунэмысу 2012 гъэм дыгъэгъаззм и 25-м гуузу дунейм ехьжащ. Езыр кьытхэмытыжьми, абы и фэеплъыр иджыри пэсуущ: ар закъыу яхьумэ абы къыщIэна унагъуэм ихэсэм, зыцIыхуу щыта куэдым я гум. Зи пашэу щыта еджапIэ нэхъыщхьэм и пщIантIэм Борис къыщыхуэзыIуахауэ щыта фэеплъыр ноби цIыху кIуапIэщ. ЕджапIэ нэхъыщхьэр зэгъэзIыныр абдежщ къыщыщIадзэр езанэ курсым щIэтIысхьа стратегиемкlэ. ЩIэблэхэм ноби кьадогъуэгурыкIуэщIэныгъэ щыпкъэу, жылагъуэ, политикэ лэжьакIуэ цIэрыIуэу, пlэпкъ еджагъэшхуэу щыта Жэрыкъуэ Борис и фэеплъыр, цIыхубзм зэращымыгъупщэм и щIыхьэту.

ЖЫЛАСЭ Маритэ.

Дунейм щыхъыбархэр

Дунейпсо хабзэхэр къызэпауд

ДНР-м цIыхухэм я хуитыныгъэмкlэ и уполномоченнэ Морозовэ Дарье дунейпсо Iуэхущlапlэхэм тхыгъэ яхуигъэхьащ, лей къызытехьа щIыхухэм медицинэ Iуэхутхьбзэхэр хуэзыщIэну Донецк кIуа «Дэлэныкъуэгъу псынщIэм» Украинэм Iэщэкlэ зэщIэуэзда и къарухэр мурад пыухыкIа яIэу зэреуамкlэ хьыбар пригъакIуэу. Абы хэжьхуащ медицинэм и лэжьакIуэхэр, МЧС-м и Iэщlагъэлlи 10-м фэбжь хьэлъэхэр ягъуэтащ.

«ДУНЕЙПСО хабзэр нэрылъагъу къызэпауд, ар пшэч мыхъун Iуэхугъуэщ. Дэ къыдгуроIуэ Украинэм ищIэ щIэпхъаджагъэхэр ящащ куэдым гулыитэнщэ зэращIыр, ауэ апхуэдэ къэхъукlащIэр дэ хэлъщIыкlу дымыщIу къэдгъэзэнэнукъым. ЦIыхухэм я хуитыныгъэхэр хъумэнымкlэ дунейпсо Iуэхущlапlэхэм езгъэхьащ щIэпхъаджагъэм теуха тхыгъэр, ар кьызэрыхъуа щыкlэр нэрылъагъу пщыкlащI видеор щыIугъу», - жриIащ Морозовэм ТАСС-м и журналистым.

Кхъухьыр къутэри

Италием и ипщэ хы Iуфэхэм иджыблагъэ насыпыншагъэ къыщыхьащ. Толькъун къэукъубеяхэм кхъухьыр кьырым жьэхадзэри, ар тIууэ зэпиудащ.

ПХЪЭМ кьыхущIыкlа кхъухьымэ исащ Иранымк, Пакистанымк, Афганистанымк, Сириемк щыщу цIыху 250-м нэблагъэ. Италием и выставрегъащIэIэнатlэхэмкlэ къызэратымкlэ, цIыху 45-рэ хэжьхуащ, полицэмрэ ныбжьыщIэхэр хъумакIуэхэмрэ я фIыгъэкlэ мыхьэнэшхуэ иритырт Шафийм, пщIэшхуэ яхуищIырт, къуэш кьыдальхъуэм пильытырт. Икlи, дауи, аращ, ахэр куэд хьуэу щыщIыгъар. Ар фIыуэ кьалъагъурт ди артист, спортсмен, щIэныгъэлI цIэрыIуэхэм. И ныбжьэгъуэгъэкъым абы ахэр кьыззрилъытэу щытар, атlэ и кьуэшут. Псалъэм папщIэ, Нало Ахьмэдхъан, Багъ Николай, Къэрмокъуэ Мухьэмэд, Болэ Мурат сымэ. Зи цIэ кьриIуэу щыта, зауэм лIы хьэжьэу кьыдыхэта, и Iэмыщ1эм илъу би псэр хэкIа Хъуэкlуэн Сулътан щыгъупщэхэзэртэкъым

Езы Хьэчими ящыгъупщэркъым: Бахъсэн районми, Зеикъуэ кьуэжьми фэеплъ зэIущIэхэр, есэпIымкlэ зэпеуэхэр абы и фэеплъу кьызэрагъэпэщ. Апхуэдэщ и пщIэмрэ фIыщIэмрэ зымыгъэкIуэд ныбжьыгъуэхэр иригъэджэхэри. И цIэр уахътыншэу тхыдэм кьыхэнэн папщIэ и цIэр уэрам зытесамрэ щIэлжьа школымрэ фIащащ.

Ирехъу апхуэдэ цIыхухэм яхуэтщI фIыщIэр мыкIуэдыжын!

ХЬэтIохъущокъуэ Аслъэн

Мазаем и 28, *гъубж*

♦ **Куэдрэ узримыихьэлIэ узыфэхэм я дунейпсо махуэщ**
♦ **1937 гъэм** кьалъхуащ адыгэ усакIуэ-уэрэдус щIэрыIуэ **Къанкъуэ Фыщlэ**.
♦ **1942 гъэм** кьалъхуащ усакIуэ, КъБР-м щэнхабзэмкlэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Сонэ Абдулэрим**.
♦ **1955 гъэм** кьалъхуащ КъБР-м щIыхь зиIэ и дохутыр, медицинэ щIэныгъэхэмкlэ кандидат **Щэрдан Нодар**.
♦ **1957 гъэм** кьалъхуащ уэрэджьыIакIуэ, КъБР-м щIыхь зиIэ и артист **Уэтэр МуIэед**.
♦ **1958 гъэм** кьалъхуащ мэкъумэш щIэныгъэхэмкlэ доктор, профессор, КъБКъМУ-м и ректору щыта, КъБР-м щIэныгъэмкlэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Жэрыкъуэ Борис**.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru сайтым зэритымкlэ, Налшык пщэр техьэтекIыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 18 - 21-рэ, жэщым градуси 8 - 9 щыхъунущ.

Гъатхэпэм и 1, *бэрэжьей*

♦ **1897 гъэм** кьалъхуащ КъБАССР-м щIыхь зиIэ и нартыхуэгъэкI, и гуащIэм кьыпэкIуаУэ орден, медаль зэмылIэужьыгъуэхэр зрата **Щауэ Даниил**.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru сайтым зэритымкlэ, Налшык пщэр техьэтекIыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 11 - 13, жэщым градуси 5 - 6 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар
ЩХЬЭЩЭМЫЩI Изэщ.

ЦIыхугъэ, лIыгъэ, щIэныгъэ

Мы тхыгъэм фIэщыгъэцIэ хуэтщIа псалъэщIр и кьыхуеджэныгъэу дунейм тетауэ жыпIэ хъунущ ар зытеухуар, цIыхум щIэныгъэ етыныжрэ фIым хуигъэсэныжрэ и къалэну къыльытэжу кьекIуэкIар икlи зи цIэр уахътыншэ хъуар.

СИ фIэщ хъуркъым Бахъсэн ауэм щыпсэу ди нэхъыжьхэм кьахэбгъуэтэфыну Шафий Хьэчим Абдурэхьим и кьуэр зымыщIыхуа е и цIэр зэхэзымыха. Урыс дзэ пашэ цIэрыIуэ Суворовым зэрыжиIэщи: «Хуэмыхущ генерал хуэну щIэмыхъуэпс сэлэтэр». Хьэчим и гъащIэ лъагъуэм щыгъуазэ зыхуэпщIмэ, а псалъэхэр уигу кьеГъэкIыж. Езыр илъэсищ иджыри иримыкъупауэ, и кьуэш нэхъыщIэ Хьэсэн мазищ фIэкIа мыхъуу я анэр уз хьэлъэм ихьащ. А гуауэшхуэмрэ зэрыта лъэхъэнэмрэ кьэпльытэмэ, гурыIуэгъэщ абы и сабиигъуэр зыхуэдар. Хьэчим фIэфIэкъым а зэманыр игу кьиГъэкIыжкlи, тхьэусыхэныр мыщIыхуэху хьэлу кьильытэрт. Ауэ кьыпхэмыIуэтэжкlи хуэдизу сабийжэр гугъу зэрехьар, и щIалэгъуэр зауэмрэ хьэзабымрэ зэрыхиубыдар абы щигъуазэхэм жаIэжырт.

Дауэ щытами, щIалэр ахуэдизкlэ хуэнэхъуеиншэт щIэныгъэ игъуэтыни, ар хьарзынэу школым щеджащ икlи егъэджакIуэхэр щагъэзыхьэзыру Налшык дзт институтым 1939 гъэм щIэтIысхьащ.

Дыгулыбгъуей кьуажэм дэт школым егъэджакIуэу щылажьэу 1940 гъэм дзэм кьулыкъу щищIну ираджащ. Ар Литвам и Шауляй къалэм щыIэт зауэм щыщIидзам. ЦIыху мащIэ тепсэлъыхьа-кьым икlи тетхьакъым сэлэт кьызэрыгуэкIыу щIэзыдзэу пIалъэ кlэщIым офицер хъуа щIалэ хьыжьым. И хахуагъэмрэ цIыхугъэмрэ папщIэ зыхэт гупым пщIэшхуэ кьыхуащIырт, нэхъ гугъуэсигъу кьалэнхэр игъэзэщIну унафэщIхэм дзыхь кьрагъэзырт. ИкIи дагъэнщIу апхуэдэ пщэрыльхэр зэриГъэзащIам ящIэжар 1946 гъэм и кlэухыщ.

Хьэчим и жагъуэт зауэм тепсэлъыхьыжьи, абы теухуа хьыбар иIуэтэжьи икlи текIуэныгъэр зи фIыщIэр зэкIуэдахэрауэ кьильытэрт.

Зеикъуэ кьуажэ дэт и унэм къызэрекIуэлIэжу ар егъэджэныгъэ лжьыгъэм пэрыуэжащ. Зыми пимыщI, гуми псэми хуихь есэпырт абы кьыхихар. Апхуэдэ Iуэху бгъэдыхьэкIи и хъери илъагъужащ. Зыкъым икlи тIукъым и еджакIуэхэм щыщу щIэныгъэлI цIэрыIуэ хъуар. ЗэрыжаIэжьмкlэ, махуэ щIагъуэ кьыхэхуэртэкъым Хьэчим пщэдджьжьым жьыуэ щIидзэу пщыхьэщхьэм хэтIэсэху и еджакIуэхэм ядэмылажьэу, Iэмал зэриIэкlэ, нэхъыбэ зэращIынэм и зэфIэкI иримыхьэлIэу, уеблэмэ и унэ ишэрэ зыхуэнэмысам щыпимыщIу. Куэд мыщIу, цIыхубзм щIэныгъэ етынымкlэ Іуащхьэмахуэ район Іуэхущlапlэм и унафэщIым и кьуэдзэу ягъэуващ, ауэ егъэджакIуэ лжьыгъэр Іэщlыб ищIакъым.

Шафий Хьэчим иригъэджахэм есэп щIэныгъэхэм я доктору 27-рэ, кандидату 100-м щIигъуэ кьахэкIащ. Бы псалъэкlэ жьыIэмэ, псыхэIуадэ хъуакъым зауэлI хахуэм, егъэджакIуэ емызэщIым и пэжьыгъэр.

1950 гъэм кьыщыщIэдзауэ илъэс 30-кlэ ар Зеикъуэ дэт курыт еджапIэ №2-м и директору, иужькlэ егъэджакIуэу щылажьащ.

ЦIыхум щIэныгъэ етынымрэ щIэблэр гъэсэныжьмкlэ иIа ехьулIэныгъэхэм папщIэ, 1962 гъэм Хьэчим «Къэбэрдей-Балъкъэрым щыхь зиIэ и егъэджакIуэ» цIэ лъапIэр кьыфIащащ. Республикэ унафэщIхэм кьабгъэдэкIыу щIыхь тхылърэ сауГъэтэ кьыхуагъэфащар бжьыгъэнэщ.

Ныбжьэгъуэгъэм икъуэкIэ мыхьэнэшхуэ иритырт Шафийм, пщIэшхуэ яхуищIырт, кьуэш кьыдальхъуэм пильытырт. Икlи, дауи, аращ, ахэр куэд хьуэу щыщIыгъар. Ар фIыуэ кьалъагъурт ди артист, спортсмен, щIэныгъэлI цIэрыIуэхэм. И ныбжьэгъуэгъэкъым абы ахэр кьызэрилъытэу щытар, атlэ и кьуэшут. Псалъэм папщIэ, Нало Ахьмэдхъан, Багъ Николай, Къэрмокъуэ Мухьэмэд, Болэ Мурат сымэ. Зи цIэ кьриIуэу щыта, зауэм лIы хьэжьэу кьыдыхэта, и Iэмыщ1эм илъу би псэр хэкIа Хъуэкlуэн Сулътан щыгъупщэхэзэртэкъым

Езы Хьэчими ящыгъупщэркъым: Бахъсэн районми, Зеикъуэ кьуажэми фэеплъ зэIущIэхэр, есэпIымкlэ зэпеуэхэр абы и фэеплъу кьызэрагъэпэщ. Апхуэдэщ и пщIэмрэ фIыщIэмрэ зымыгъэкIуэд ныбжьыгъуэхэр иригъэджэхэри. И цIэр уахътыншэу тхыдэм кьыхэнэн папщIэ и цIэр уэрам зытесамрэ щIэлжьа школымрэ фIащащ.

Ирехъу апхуэдэ цIыхухэм яхуэтщI фIыщIэр мыкIуэдыжын!

ХЬэтIохъущокъуэ Аслъэн

Лъэпкъ Іущыгъэ:

Гум къэмыкI лажьэ къыпщыщIырхъым.

КъБР-м Щэнхабзэмкlэ и министерствэм, «КъБР-Медиа» къэрал кlэзонэ Іуэхущlапlэм, КъБР-м и Журналистхэм я зэгухьэныгъэм, «Кабардино-Балкарская правда», «Адыгэ псалъэ», «Заман», «Горянка», «Советская молодежь» газетхэм, «Литературная Кабардино-Балкария», «Іущщьэмахуэ», «Минги-Тау», «Солнышко», «Нур», «Нюр» журналхэм я редакцэхэм, «Къэбэрдей-Балъкъэр» телекомпаниеми, «КъБР-инфо» хабзэбарегъащIэ агентствэм, «Эльбрус» тхылъ тедзапIэм я лэжьакIуэхэр «КъБР-Медиа» къэрал кlэзонэ Іуэхущlапlэм хозяйствэ лжьыгъэмкlэ и кьудамэм и лэжьакIуэ **Бышэн Мухьэмэд Ахьмэд и къуэм** хуогузавэ абы и адэ **Бышэн Ахьмэд Мэхьид и къуэр** зэрыIам кьыхэкIыу.

«Адыгэ псалъэ» газетым и лэжьакIуэхэр, Дунейпсо Адыгэ Хасэм, Къэбэрдей Адыгэ Хасэм хэтхэр «Адыгэ псалъэ» газетым и корреспондент **Табщ Мурат Арсен и къуэм** хуогузавэ абы и анэм и шыпхъу **Лосэн (Щоджэн) Аксинэ Сэфар и пхъур** дунейм зэрехьжам кьыхэкIыу.

Илъэс куэд хьуауэ ди газетым и нэхьыбэ пэжу, и тхыгъэхэмкlэ ди щIэджыкIакIуэхэм ядэгугашэу щыта, «Новэ-Хьэмидей кьуажэм щIыхь зиIэ и цIыху», «Лэжьыгъэм и ветеран», «Зауэм и бынхэр» медалхэр зыхуагъэфэща, «Егъэджэныгъэм и отличник», Новэ-Хьэмидей кьуажэм и ветеранхэм я зэгухьэныгъэм и унафэщIу лажьа **Дзыхрэуей Мусэрбий Тlэхьир и къуэр** дунейм зэрехьжар гущIыкlэ тщыхъущ икlи и благъэхэмрэ Іыхьлыхэмрэ дахуогузавэ.

Дунейпсо Адыгэ Хасэм

«Адыгэ псалъэ» газетым и лэжьакIуэхэр, Дунейпсо Адыгэ Хасэм, Къэбэрдей Адыгэ Хасэм хэтхэр «Адыгэ псалъэ» газетым и корреспондент **Табщ Мурат Арсен и къуэм** хуогузавэ абы и анэм и шыпхъу **Лосэн (Щоджэн) Аксинэ Сэфар и пхъур** дунейм зэрехьжам кьыхэкIыу.

Илъэс куэд хьуауэ ди газетым и нэхьыбэ пэжу, и тхыгъэхэмкlэ ди щIэджыкIакIуэхэм ядэгугашэу щыта, «Новэ-Хьэмидей кьуажэм щIыхь зиIэ и цIыху», «Лэжьыгъэм и ветеран», «Зауэм и бынхэр» медалхэр зыхуагъэфэща, «Егъэджэныгъэм и отличник», Новэ-Хьэмидей кьуажэм и ветеранхэм я зэгухьэныгъэм и унафэщIу лажьа **Дзыхрэуей Мусэрбий Тlэхьир и къуэр** дунейм зэрехьжар гущIыкlэ тщыхъущ икlи и благъэхэмрэ Іыхьлыхэмрэ дахуогузавэ.

Ислъамым и нур

Зыгъэхьэзырар
ЧЭРИМ Марианнэщ

БэраІэт жэщыр

Шэхьбаныр зэхуэдиІ щыхъум дек, мазэм и 14 - 15-нэ махуэхэм (гъатхэпэм и 6 - 7) я зэхуакум БэраІэт жэщыр кьохьэ. Нэщі мазэр къэсыным иджыри тхьэмахуитІ иІэжу дызыхиувыдэ мы зэман льапІэм зэрыхъукІэ жейм пІэщІэ зыпщІу, дин лэжьыгъэхэм зептыныр ягъэдахэу кьогъуэгурыкІуэ муслъымэнхэр.

«УЩІЭМЫЖЕЙР Сэрмырамэ, зэманыр пщІэншэу бгъэкІуэдащ», - жеІэ Алыхьталэм и цІэкІэ псалъэ усакІуэм. Ди зэманым жэщыр умыщхьэкъуэу епхьэкІыну ухуейм», ихьуреягъыр дэІэпыкъуэгъащ. Телевизорыр щІэгъанэ е интернетым ихьэ, удэзыхьэх гуэрым зытеухуи, напІэзыпІэм ежэкІынущ сыхьэт бжыгъэр, зы гуэныхьи пхухимыгъэщІауэ. Дин зезымыхьэм ар щыІэщІэщІэкІэ, псапэ кІихь и гугъэжу, телефоныр щІымыгъэтІыльын щхьэусыгъуэ къэзыльыхьэу муслъымэныр дауэ хьужрэ? Шэрыуэу псэлъэ Іимам гуэрым Къэдэр жащым щхьэкІэ жиІауэ щытар уигу кІэсфІэщІыжьи хьунущ: «Жэщыр догъэльапІэ жыфІэу, дин лэжьыгъэм утеэшІэгъэпсыськІ сурэт ціуугъэнэхэр зэІэпыфхьыурэ мы пІалъэ кІэщІыр зыІэщІэвмыгъэжІ».

Жэщыр жейм кьыззэрыІэщІэпхьфым нэмыщІ, ар зытеухуапхъэм тебухуэнращ Алыхьталэм пхуигъэдахэр. Уи щыуагъэжьм ухущІегъуэжьи, Алыхьталэм и цІэ льапІэхэр е зикрым ухуиха псалъэзуха щхьэпэхэр къыупсэльын, КъурІэн льапІэм уеджэн, псапэ нэмэз пщІын е уи щІалэгъуэм пІэщІэкІаехэм зыгъэр яхэбгъащІын, щлэуат къыубжьин - куэд мэхъу жащ льапІэм пхуэлэжьыну Іэхъугъэ щхьэпэхэр. А псом я мыхьэнэр щхьэусыгъэзэкІэ узытегушхуа лэжьыгъэщІэр хьэл пхуэхъуу, иужькІэ умыуТІыпщыжьнырщ. «НэщІпежьэ» жыхуаІэ псэукІэ зэгъэзэхуэкІэм хеубыдэ а псори. Рэмэданым ухуигьапІащІэу, ар псэми пкъыми фІэфІу кьибгъхьэн хуэдэу, абыхэм хуэмурэ гур псапэ гъэбэгъуэным пхутраухуэ.

Нэмэз зыщІ адэшхуэ-анэшхуэ зиІам зэ мыхьэуми зэхихагъэнщ «нэмэзищ» жыхуаІэ тхьэхуэпщылІыкІэр. Мы нобэ дызытепсэлыхь БэраІэт жэщым ящІ хабзэщ тІысыгъуищэм нэс а нэмэз льапІэр. Псапэ нэмэз псоми хуэдэу, абы щыІ урихуІэркъым, зэрымыщІыфым щхьэкІэ зыми уигъэкъуэнщэнукъым. Уеблэмэ и чэзум умыщІа нэмэз щІыхуэ уиІэмэ, аехр упшыныжьынр нэхъхьифІщ. ИтІани, хьэдисым «Фэ [псапэ влэжьынну] фемыззшмэ, Алыхьталэр езэшынукъым [ар фІихьнкІэ]» щыжиІакІэ, мусльымэным фІэфІыпхъэщ псапэ лей кІихьыным хущІэкъуныр.

Хьер нэмэзым, е, адыгэ жыІакІэкІэ, нэмэзищэм итпэжьпІакІэ зи цІэ кьэриІуэр тІысыгъуэ (рэкэгьэт) бжыгъэхэращ. Абы щыкІитІ иІэщ. Ятпэреймкіэ, тІысыгъуэ къэс Іэлъхьэм нэужьым кьулъхуоли 10 (е 11) кьыубжурэ, тІысыгъуитІу зэхэт (пщэджьжь нэмэзым ещхьу) нэмэз 50 (псорн зэхэту тІысыгъуи 100) уощІ. Адрей щыкІэм уигъэщІыр тІысыгъуи 10 къудейщ, дэтхэнэ зыми Іэпхъэзм нэужьым кьулъхуолэу 100 теплъхьэу.

«Ихья» тхьылъым щІэнысгъэлІышхуэ Гъэзалий Іэбу Хьэмид «Шэхьбаным и кІэщІ» зыфІища Іыхьэм щетх: «Шэхьбаным ящІ хабзэ нэмэзым и гугъу пщІымэ, ар маазм и 15-нэ жэщым тІысыгъуи 100 хьуэ ящІ нэмэзырщ, тІысыгъуитІ къэс сэлам яту, дэтхэнэ зы тІысыгъуэми «Фатихьэ» нэужьым 11-рэ «ИхьлАс» («Кьулъхуу») сурэм къеджэу. Зыхуейм тІысыгъуи 10 ищІми хьунущ, «Фатихьэ» нэужь къэс кьулъхуолэм 100-рэ къеджэу. Ди япэ ита нэхъыжьыфІхэм «хъер нэмэз» фІащауэ, ящІу щытащ ар, абы зыхамыгъэкІыжьын папщІэ, щызэхуэси къахуихуэу. Іэл-Басрий Хьэсэн жиІэгъауэ кьраХьэкІ: «Бегъымбар льапІэгъу щэлатымрэ сэлатымрэ зэхам бгъэдэта щхьабэ 30-м кІыжаІэжащ а жэщым а нэмэзыр зыщІым Алыхьталэр 70-рэ къызэрепльынур. Зэ къелпльхъу, и гуныкъуэгъуэ 70 щхьэщхьиныщ, я нэхъ цІыкІур - гуэныхьхэр кьызэрыхуэгъунрауэ».

Нобэ я гупсысэхэмкІэ къыдэгуашэ Мыдхэ Анжеликэрэ Оксанэрэ къыщыгцІыхуар Бахъсэн дэт «Кушмэзыкъуэй» мэжджыгым и КъурІэн еджапІэрщ. Анжеликэ абы Зеикъуэ нэс икІыурэ ЮокІуаІэ, Оксанэ Бахъсэн щыщщ. Ильэс иримыкъу илэкІэщ тІуми еджэн щыщІадзэр. А пІалъэ кІэщІым зэшышхъуэр хунэсащ псоми къахэщ еджакІуэ пэрыт хъуну. «Сыт КъурІэн еджэкІэ зэвгъэщІэну нэхъ фытезыгъэгушхуар?» «Сыт хуэдэ чэнджэщкІэ захуэзгъэзэнт балигъыпІэ иту тхьылъ льапІэм еджану екъуапсэхэм?» А упщІэхэм хъыджэбзхэм кърата жэуап Іущхэр зыхуэмыщыкъэпэн щыІэу ди фІэщ хуэрхъым.

Къардэн (Мыд) Анжеликэ:

- Си гущІэгъуэкІэр зыщІыпхъэмэ, сызыхущІегъуэжьи зыщ: нэмэзри, нэщІри, КъурІэн еджэнри и чэзум зэрыщІэзмыдзар. Ар ди фарзу сщІэртэкъым. Седжэрэт жысІэу сыщІэхъуар диным епха упщІэхэм я жэуап згъэзэн папщІэщ. ЯпащІыкІэ псоми ещхьу, урысыбзэм е адыгэбзэм я хьэрфжжьэІэ еджэн щІэздзэт. Хуэмурэ щІэныгъэми нэхъ зибгъуэщ, интернет сыт жыпІэми. Уоплъ, уодаІуэри: «Уа, сэ мыр пцІыу кьызэопсэлъ!» - зыжьибоІэж. Ауэрэ, ауэрэ гу лъызотэ интернетым хьэрпІ псалъэхэр нэхъыбзу кьызэрырагъэ я адыгэбзэм я хьэрфжжьэІэ еджэн щІэздзэт. Хуэмурэ щІэныгъэми нэхъ зибгъуэщ, интернет сыт жыпІэми. Уоплъ, уодаІуэри: «Уа, сэ мыр пцІыу кьыз

● ДифI догъэтъапIэ

Лъэпкъ щэнхабзэр зыгъэбей

Адыгэ Республикэм щыхъ зиIэ и сурэтыщI, УФ-м и Сурэтыщ1хэм я зэгухьэныгъэм хэт, Художествэхэмк1э Урысей академием и дипломант, Iуэрыуатэдж, адыгэ арджэнхэр щыным, лъэпкъ макъамэ Iэмэпсымэхэр хъумэныморэ ахэр къэгъэIорэщIэжьныморэ хэлъхьэныгъэшхуэ хуэзыщI ГъукIэ Замудин и ныбжьыр мазаем и 26-м илъэс илъэс 70 иригъэуащ.

ГЪУКIЭ Замудин Бахьсэн кIалэм 1953 гъэм къыщалъхуащ. Зи адэшхуэмрэ адэмрэ бжьэ гъэхъуным, зи анэшхуэр арджэнхэр щыным хуэIэпщIэлъапщIэу щыта щIалэр и нэхъыжьхэм ядамылпъеинкIэ Iэмал иIэтэкъым. Я́пэщIыкIэ ар сурэт техныныр уэсэ тхыныр ирэ дахьэхащ. Адыгеим цIыхубэ гъуаджэхэмкIэ и академиер къиуащ. ИужькIэ Нало Заур, Къардэнгъущ Зырамыкиу сымэ я гъусэу Iуэрыуатэр джыныморэ зэхуэхьэсыжьныморэ теухуа къэхутэныгъэхэм хэтащ.

Iуэрыуатэ экспедицэ зыбжанэм хэта ГъукIэм и Iэдакъэ къыщIэкIащ «Учимся играть на шичепшине», «Искусство адыгской циновки» тхылъхэр, «Атлас адыгского (черкесского) шичепшина» щIэнгъуазэр. Адыгэ, Къэрэшей-Шэрджэс, Къэбардей-Балъкъэр республикэхэм 80 гъэхэм къыщыгъэхИкIухьам зэхуихьэса тхыгъэхэмрэ сурэтхэмрэ хигъэхьащ а лэжьыгъэхэм. Адыгэ лъэпкъым и макъамэ гъуазджэм дихьэххэм я джекIэ ГъукIэ Замудин и тхылъхэм мыхьэнэщхуэ яIэщ, абыкIэ сабийхэр шыкIэпшынэм хуебгъэджэфынущи.

ГъукIэ Замудин шыкIэпшынэр, Iэпэпшынэр, пшынэ дыкъуакъуэр, пхъэцIычыр, къамылыр, нэгъуащI лъэпкъ макъамэ Iэмэпсымэхэр къэгъэщIэрэщIэжьнымкIэ IэдыгъэIуэрыуатэ къудамэм ГъукIэм щIэблэр Iэпэ1эсагъэм щы-уегъэласэ, лъэпкъым и щэнхабзэ хъугъэфIыгъэуэкIэ ихъумэу, ахэм заригъэужьу. Замудин щIэблэр Iэпщlэлъапщlагъэм щыхмгъэгъуазэ «Жьэгу» лъэщапIэр музей хъуащ. Урысейм, хамэ къэралхэм къикIыу Адыгеим зыгъэпсэхуакIуэ къакIуэхэм, щIэныгъэлI, Iуэрыуатэдж, къэхутакIуэхэм абы зыщапIлъыхь, ди лъэпкъ макъамэ Iэмэпсымэхэм яфIэгъэщIэгъуэну зыщагъэгъуазэ. Къэбгъэлъагъуэмэ, Китайм, Японием къикIахэр я хьэщIащ. И гъэсэнхэм ящыщ дизайнер, художник цIэрыIуэ хъуахэр. ГъукIэм и Iэдакъэ къыщIэкIа макъамэ Iэмэпсымэхэмрэ арджэнхэмрэ ящыщхэр щахъумэ Адыгеим и Лъэпкъ музеймрэ сурэт галереемрэ.

Замудин и художественнэ унафэщIщ Адыгей къэралъ университетым адыгэ уэрэдхэм яхуэхахуэ къыщыщIэрыгъэпэща «Жьыу» ансамблым. Абыхэм ягъэзащIэ адыгэ уэрэдыжьхэр зытет дискищ къыдагъэкIащ. Ансамблыр хэтащ Москва, Санкт-Петербург, Къалмыкъым, Сочэ, Шотландием щекIуэкIа зэхьэзэхуэхэм икIи мызэмытIуэ пашэ щыхъащ.

- Ильэсищ, мин бжьыгъэ хьуауэ лъэпкъым къыдекIуэкI Iэщ1агъэхэм, гъуазджэм сызэрыдихьэхар, щIэблэр абы щIэспIыкIыну Iэмал сызэриIэр насыпышхуэу къызолъытэ. Ди адэжьхэм къытхуагъэна щэнхабзэмрэ гъуазджэмрэ хэлъхьэныгъэ хуэпщIыныр уасэншэщ! Адыгэм ижь-ижьыж лъандэрэ къыддекIуэкI Iэпэ1эсагъэр дыкъэзхъумэ! - жеIэ Замудин. - Нэхъ пасэм арджэнхэм Урысеймрэ Тыркымрэ щIэупщIэшхуэ щаIэу щытащ. 50 гъэхэм абыхэм я пIэм алэрыбгъуэхэр щиувэм, ягъэхьэзыр бжьигъэм хэщIат, ауэ нэхъапэм арджэнхэм яIа щIэупщIэм хуэм-хуэмурэ къыззрыхэхъуэм, лъапIэныгъэхэм я гупэр зэрыхуагъэззэкыр нэрылъагъуэ. Лъэпкъ макъамэри аращи, ар зигу дыхьэ щIалэгъуалэр нэхъыбэ къыззрыхъур гуапэщ, узыгъэгуфIэщ. А псом си фIыщэ хэлъ ГъукIэ Замудин дохъуэхъу узышIагъэ бидэ, екъулIэныгъэ иIэну, лъэпкъ щэнхабзэмрэ гъуазджэмрэ дяпэкIи зэрыхуэлжьэн гукъыддэж щымыщIэну.

ТЕКIУЖЬ Заретэ.

И Iыхьэ щанэращ къигъэщIар

● Спорт

1987 гъэ лъандэрэ илъэс къэс мазаем и 23-м Къэхъун къуажэм щокIуэкI Афганистаным щыхэкIуэда, зэриха лIыгъэм папщIэ Вагъуэ Плъыжь ордейр мыпсэужу зыхуагъэфэща Нэгъэщ1у Хьэсэнбий волейболымкIэ и фэеплъ зэхьэзэхуэ. Мы гъэм ар щэщIэ етхуанэу зэхаублащ икIи аргуэру ирагъэхьэлIащ Хэкум и хъумакIуэм и махуэм.

НЭГЪЭЩIУ Хьэсэнбий Мухьэжьыр и къуэр псоужьамэ, мыгувэу и ныбжьыр илъэс 60 иригъунут. Ди жагъуэ зэрыхъущи, абы щыщу къигъэщIар и Iыхьэ щанэращ. Илъэс 40 ипэкIэ ар щыхэкIуэдащ Афганистаным.

Хьэсэнбий Къэхъун къуажэм къыщалъхуар 1963 гъэм. Жылэм дэт курыт школ №2-р хъарзынэу къиухри, куэд дэмыкIыу дзэм ираджащ, Хэкум къулыкIу хуищIэну. Гъуэгуанэ теува щIалэщIэм и гур хигъахъэрт и къуажэгъуэку Арт1эшокъуэ Аслъэнрэ Шэшэн Iэуесрэ гъусэ зэрыхуэхъуам. СыткIэ ящIэрэт а щIалэхэр зыпэрыхьэну къулыкIур зауэ IэнатIэу къыщIидзыну? 1981 гъэм и бжьыхьэм дзэм ираджа щIалэ куэд яхэхуат заузшхуэ къыщыхъыя Афганистан Республикэм къулыкIу щызыщIэнухэм. Ди къэралым и упщIэ гъунапкъэхэр зыхъумэну дзыхь зыхуащIахэм яхэтт зи цIэ къытIуа къэхъун щIалэхэр.

Гъэгуанэ теува щIалэхэм нэхъуеиншэу зыщIалпIыхьырт къыщIыхута щIыпIэр. Иджыри кхъухьлъатэм щисым абы и щхьэгъубжэмкIэ къыдэпIа Хьэсэнбий ильагъурт бгылъэ щIыпIэхэр, мэз гъэрэнхэр, пшахъуэщI гъэгъжьыфхэр. Адэ-мыдакIэ кIуэцIрыкI Гъуэгу нэшэкъащэхэм зэкIэлъхьэжьу щызеуэрт хьэлъэзыхь махъшэ чырэхэр.

Гъбгъуэхэм щаухуат палаткэ «Къалэ» щыкIухэр. А псори зи нэгу щIэкI Хьэсэнбии кхъухьлъатэм ис адрей сэлэт щIалэхэми я гум фIы щыщIэр-тэкъым. Совет Армэм къулыкIу зэрыщащIэну ильэситIыр абыхэм щагъэкIуэн хуейт зэзауэ гъущIэ щекIуэкI, нэрылъмылъагъу лагъымхэр къыщыуэ, пулемётхэмрэ автоматхэмрэ щыпIалъэ, цIыху гъащIи щызидих къэхуу щIыр уэгум щрапхъэ Афганистан щIыналъэ «пщтырым».

Ди совет зауэлIхэр щымыгъуазэу щыттэкъым Iэхур зыстетым. Абыхэм нэхъапэIуэкIэ драгъэкIуэкIа псалъэмакъэхмкIэ хьэкъ ящыхъуат я Хэкумрэ абы и цIыхухэмрэ езэуэж, бгы гъуанэхэр, мэз Iыхэр, нэгъэщI быдаплIэкэр псэупIэ зыщIа зауэлI Iэлхэр зэрыгущIэгъунщэр, зэхэуэ гъащIэхэр махуэ къэс емыкIуэкIынуми, здашэр фронт здэщыщыIэ зэуапIэу зыщыщытыр.

НэгъэщIур танк ротэм хэхуат. Зэман кIэщIым къриубыдэу адыгэ щIалэщIэр хуэIэижь хъуат и «гъущIышыр» зегъэкIуэным ар гъэуэнми. Пщэрылъ кхъыхуащI дэтхэнэ кIалэнри кхъыхуэтыншэу зэфIыхьыр къэхъундэс хахуэм.

Апхуэдэуэрэ екIуэкIащ 1983 гъэм и пщIэдзэ пщIондэ. Хьэсэнбий зыхэт взводым зэгуэр унафэ кхъыхуащIащ къатеуэну зызыгъэхьэзыр душ-ман гупышхуэм я хэщIапIэм кIуэуэ, абыхэм я мурадыр кхъызэпаудыну. ПсынщIэу защтэри, бронетранспортёр-хэр, нэгъэщI зауэ техникэхэр зэкIэлъхьэужьу ежьащ.

ЖыхуаIа щIыпIэм зэрынэсу зэхуэдэдийри, зэхэуэ гуащIэ яублащ. БыдапIэм ис бийр ди зауэлIхэм яхэхуэрт лагъымыдзэкмкIэ. И танкым сакъыу ис Хьэсэнбий апхуэдэ лагъымкIэ къытемыхуэн щхьакIэ, зыкъуэдзапIэхэр кIигъэсебэпурэ ерыщу ипэкIэ кIуэрт.

Зауэ гуащIэм хэту, абы зыхищIащ танкыр щIым кхъыРИзтыкIыну лагъымыр абы и плъабжьэм кхъэзрыщыуар. Дакъикъэ нэхъ дэмыкIыу, гъуэзыр кхъызыщхьэщих танкыр и пIэм иувыIыхьащ.

Адыгэ щIалэщIэр танкым кIипщIу кхъыщIэпхъуэжакъым, апхуэдэ Iэмал иIа пэтми. Ар къэуэнкIэ щынагъуэ зэрыщыIэр ищIэми, уэрэгъэ хъуа и ныбжьыгъуэкIэ машинэм зырызурэ кхъирахащ. Иужьрей зэуэлIыр кIигъэIэпхъуа къыдеIуэу, танкыр къэуащ.

1983 гъэм и щIыщIэм (январым) и 12-м екIуэкIа а еб-гъэрыкIуэныгъэм хэтахэм зэрыжаIэжьмкIэ, щIылъэми уафэми захъуэжам хуэдэт, ихьуреягъыр мафIэмрэ гъуэзымрэ апхуэдизу зэщIишатэжьыфхэр. Адэ-мыдакIэ кIуэцIрыкI гъуэгу нэшэкъащэхэм зэкIэлъхьэжьу щызеуэрт хьэлъэзыхь махъшэ чырэхэр.

Гъбгъуэхэм щаухуат палаткэ «Къалэ» щыкIухэр. А псори зи нэгу щIэкI Хьэсэнбии кхъухьлъатэм ис адрей сэлэт щIалэхэми я гум фIы щыщIэр-тэкъым. Совет Армэм къулыкIу зэрыщащIэну ильэситIыр абыхэм щагъэкIуэн хуейт зэзауэ гъущIэ щекIуэкI, нэрылъмылъагъу лагъымхэр къыщыуэ, пулемётхэмрэ автоматхэмрэ щыпIалъэ, цIыху гъащIи щызидих кхъэхуу щIыр уэгум щрапхъэ Афганистан щIыналъэ «пщтырым».

Ди совет зауэлIхэр щымыгъуазэу щыттэкъым Iэхур зыстетым. Абыхэм нэхъапэIуэкIэ драгъэкIуэкIа псалъэмакъэхмкIэ хьэкъ ящыхъуат я Хэкумрэ абы и щIыхухэмрэ езэуэж, бгы гъуанэхэр, мэз Iыхэр, нэгъэщI быдаплIэкэр псэупIэ зыщIа зауэлI Iэлхэр зэрыгущIэгъунщэр, зэхэуэ гъащIэхэр махуэ къэс емыкIуэкIынуми, здашэр фронт здэщыщыIэ зэуапIэу зыщыщытыр.

НэгъэщIур танк ротэм хэхуат. Зэман кIэщIым къриубыдэу адыгэ щIалэщIэр хуэIэижь хъуат и «гъущIышыр» зегъэкIуэным ар гъэуэнми. Пщэрылъ кхъыхуащI дэтхэнэ кIалэнри кхъыхуэтыншэу зэкIэлъхьэжьу хэщI